2020 жыл январь-сентябрь айларында Республиканың тийкарғы капиталын көбейттириўге 6940,1 млрд. сўм муғдарда инвестициялар киритилип, өткен жылға салыстырғанда өсим пэти 86,2 процентти қурады, соннан сырт ел инвестициялары 2924,8 млрд. сўмды қурады.

### Қарыжландырыў дереклери бойынша тыйкарғы капиталга киритилген инвестициялардың бөлистирилиўи

| | *млрд.сўм* | *өсим пэти, %* | *жэмине салыстыр-ғанда,% те* |
|---|---|---|---|
| **Тийкарғы капиталға киритилген инвестициялар** | **6940,1** | **86,2** | **100,0** |
| *соннан:* | | | |
| **Орайласқан инвестициялар:** | **2729,9** | **94,0** | **39,3** |
| бюджет қаржылары | 596,5 | 51,7 | 8,6 |
| суў тэмийнаты системаларын раўажландырыў фонды | 71,1 | 105,5 | 1,0 |
| тиклениў хэм раўажланыў фонды қаржылары | 73,6 | 22,5 | 1,1 |
| хүкимет кепиллиги тийкарындағы шет ел кредитлери | 1988,7 | 146,9 | 28,6 |
| **Орайласпаған инвестициялар:** | **4210,2** | **81,8** | **60,7** |
| кэрханалардың өз қаржылары | 1985,7 | 95,4 | 28,6 |
| халықтың қаржылары | 546,0 | 70,6 | 7,9 |
| туўрыдан-туўры сырт ел инвестиция хэм кредитлери | 936,1 | 56,4 | 13,5 |
| коммерциялық банк кредитлери | 726,9 | 115,4 | 10,5 |
| басқа қарыз дереклери | 15,5 | 23,6 е. | 0,2 |

## Тийкарғы капиталға киритилген инвестициялар

6 940,1 млрд сўм

өсим пәти 86,2 %

Орайласқан инвестициялар 2 729,9 млрд сўм

Орайласпаған инвестициялар 4 210,2 млрд сўм

**Жәми сырт ел инвестициялары хәм кредитлер 2 924,8 млрд сўм**

ӨзР кепиллигинде 1 988,7 млрд сўм

Туўрыдан-туўры сырт ел инвестиция хәм кредитлери 936,1

| **Орайласқан қаржыландырыў дереклери есабынан инвестициялар, қурамы % те** | | **Өткен жылдың сайкес дәўирине салыстырғанда, % те** |
|---|---|---|
| 1,0 % | суў тәмийнаты хәм канализация системаларын раўажландырыў | 105,5 |
| 1,1 % | тиклениў хәм раўажланыў | 22,5 % |
| 8,6 % | Республика бюджети | 51,7 % |
| 28,6 % | Өзбекстан Республикасы кепиллигиндеги шет ел кредитлери | 146,9 |

| Орайласпаған қаржыландырыў дереклери есабындағы инвестиуиялар, қурамы % те | | Өткен жылдың сол дәўирине салыстырғанда, % те |
|---|---|---|
| 28,6 % | Кәрханалардың өз қәрежетлери | 95,4 % |
| 7,9 % | Халқ бюджети | 70,6 % |
| 13,5 % | Туўрыдан-туўры сырт ел инвестициялар кепилленбеген ҳәм басқа кредитлери | 56,4 % |
| 10,5 % | Коммерциялық банклери кредитлери ҳәм басқа қарыз дереклери | 115,4 % |
| 0,2 % | Басқа қарз дереклери | 23,6 м. % |

## 2020 жыл январь-сентябрда тийкарғы капиталға киритилген инвестициялардың технологиялық қурамы

| | *жәми* | *Мәмлекет-лик* | *Мәмлекет-лик емес* |
|---|---|---|---|
| **Жәми,** *млрд. сўм* | **6940,1** | **1260,0** | **5680,1** |
| *сонан:* улыўма көлемге салыстырғанда процент көрнисинде | | | |
| қурылыс-монтаж жумыслары | 4321,8 | 1192,7 | 3129,1 |
| машина, ускенелер, транспорт бөлеклерин ислеп шығарыў ҳәм хожалық буйымлары | 2183,5 | 39,0 | 2144,5 |
| Басқа шығынлар | 434,8 | 28,3 | 406,5 |

Тийкарғы капиталға киритилген инвестициялардың технологиялық қурамының дүзилиси 2019 жылдың январь-сентябрь айларына салыстырғанда қурылыс-монтаж жумысларының үлеси 5,6 процентли пунктке асқанлығы, машина, үскенелер, транспорт қураллары ислеп шығарыў ҳәм хожалық буйымлары баҳасының үлеси 9,3 процентли пунктке кемейген ҳәм басқа қәрежетлердиң үлеси 3,7 процентли пунктке асқанлығын көрсетпекте.

## Қаржыландырыў дереклери бойынша қурылыс жумыслары, млрд. сўм




2020 жылдың январь-сентябрь айларында орайластырылған қаржыландырыў дереклерине 2729,9 млрд. сўм инвестиция қаржылары киритилип, бул көрсеткиш жәми инвестициялардың 39,3 % қурады, бул өткен жылдың январь-сентябрь айларына салыстырғанда 94,0 % ти қураған. Есабат дәўиринде орайластырылмаған қаржы дереклери есабынан 4210,2 млрд. сўм инвестициялар өзлестирилди (жәмине салыстырғанда үлеси 60,7 %) хәм өткен жылдың усы дәўирине салыстырғанда 81,8 % ти қўрады.

Кәрханалар хәм шөлкемлердиң өз қаржылары есабынан 1985,7 млрд. сўм тийкарғы капиталға инвестициялар киритилди ямаса жәми инвестициялардың 28,6 % өзлестирилди. Халықтың қаржылары есабынан 546,1 млрд. сўм инвестициялар өзлестирилип, жәми инвестициялар көлеминиң 7,9 % қурады.

Есабат дәўринде Өзбекстан Республикасы Ҳукимети кепиллиги астында 1988,7 млрд. сўмлық сырт ел кредитлери ажратылды, бул өткен жылдың усы дәўрине салыстырғанда 46,9 % ке кобейген ёки жами инвестицияларнинг 28,6 % ин курады.

Сол менен бирге, банк кредитлери хәм басқа қарз қәрийжетлери есабынан 742,4 млрд. сўмлық қәрийжетлер киритилди (тийкарғы капиталға киритилген инвестициялар улыўма көлемниң 10,7 %), бул өткен жылға салыстырғанда 117,8 % кубейген, туўрыдан-туўры хәм басқа сырт ел инвестициялар ва кредитлар есабынан 936,1 млрд. сўм (улыўма көлемининг 13,5 %) хәм өткен жылдың усы дәўирге салыстырғанда 43,6 % ли пунктға кемейген, Тиклениў хәм раўажланыў қоры есабынан 73,6 млрд. сўм (улеси 1,1 %) хәм өткен жылдың усы дәўрине салыстырғанда 22,5 % ти курады, Суў тәъмийнаты системаларын раўажландырыў қоры есабынан 71,1 млрд. сўм яки тийкарғы капиталга киритилген жәми инвестициялардың 1,0 % и муғдарында инвестициялар киритилип, өткен жылдың усы дәўрине салыстырғанда 5,5 % га ошган.

## Экономикалық хызмет түрлери бойынша тийкарғы капиталға киритилген инвестиция хәм кредитлер

Есабат дәўиринде тийкарғы капиталға киритилген инвестициялардың тийкарғы бөлеги, яғный қайта ислеў санааты 725,8 млрд. сўм, аўыл, тоғай хәм балық хожалығына 1244,0 млрд сўм, таў-кән санааты хәм ашық кәнлерди ислеўге 2493,3 млрд. сўм, электр, газ, пар менен тәмийинлеў хәм хаўаны кондициялаў хызмет түрине 500,4 млрд. сўм хәмде 536,5 млрд сўм үй-жай қурылысына туўры келди.

2020 жылдың январь-сентябрь айларында тийкарғы капиталға киритилген инвестициялардың 7,2 % (өткен жылдың усы дәўирине 32,3 %) электр, газ, пар менен тәмийинлеў хәм хаўаны кондициялаў хызмет түрине, 35,9 % таў-кән санааты хәм ашық кәнлерди ислеў хызмет түрине (өткен жылдың усы дәўирине 128,1 %), 7,7 % үй-жай қурылысына (өткен жылдың усы дәўирине 58,7 %), 3,8 % тасыў хәм саклаў (өткен жылдың усы дәўирине 97,8 %), 17,9 % аўыл, тоғай хәм балық хожалығына, (өткен жылдың усы дәўирине 115,4 %), 10,5 % (өткен жылдың усы дәўирине 54,7 %) қайта ислеў санаатына хәмде 1,8 % қурылыс экономикалық хызмет түрине (өткен жылдың усы дәўирине 107,4 %) туўры келди.

## Экономикалық хызмет түрлери бойынша тийкарғы капиталға киритилген инвестиция ҳәм кредитлер

*(улыўма көлемге салыстырғанда % есабында)*



## 2020 жылдың январь-сентябрь айларында тийкарғы капиталға киритилген инвестициялардың қаржыландырыў дереклери бойынша қурамы

- **Орайластырылған қаржыландырыў дереклери есабына**
  - Республика бюджети 596,5 млрд. сўм
  - Суў тәмийнаты системаларын раўажландырыў қоры 71,1 млрд. сўм
  - Тиклениў ҳәм раўажланыў фонды – 73,6 млрд. сўм
  - Өзбекстан Республикасы кепиллиги тийкарындағы шет ел кредитлери – 1988,7 млрд. сўм

- **Орайластырылмаған қаржыландырыў дереклери есабына**
  - Кәрханалар, соннан жергиликли бюджет қаржылары – 1985,7 млрд. сўм
  - Коммерциялық банклер кредитлери – 726,9 млрд. сўм
  - Туўрыдан-туўры шет ел инвестициялары ҳәм кредитлери – 936,1 млрд. сўм
  - Халықтың қаржы дереклери – 546,0 млрд. сўм
  - Басқа қарыз дереклери - 15,5 млрд. сўм

## Қаржыландырыў дереклери бойынша тийкарғы капиталға киритилген инвестициялар,
*жәмине салыстырғанда % есабында*




Жами ўзлестирилген инвестициялардың 28,6 % ти кәрханалар хәм шөлкемлердиң өз қаржылары есабынан өзлестирилди. Соның менен бирге, банк кредитлери хәм басқа қарыз дереклеринен 10,7 %, халықтың қаржы дереклери есабынан 7,9 %, Туўрыдан-туўры шет ел инвестициялары хәм кредитлери есабынан 13,5 %, Тиклениў хәм раўажланыў фонды есабынан 1,1 %, Суў тәмийнаты системаларын раўажландырыў қоры есабынан 1,0 %, Өзбекстан Республикасы кепиллиги тийкарындағы шет ел кредитлер ажыратылды, бул болса жәми инвестициялардың 28,6 % курады.

## 2020 жылдың январь-сентябрь айларында қарыжландырыў дереклери бойынша тийкарғы капиталға киритилген инвестициялар

| | *Киритилген инвестициялар, млрд. сўм* | *Өткен жылға салыстырғанда өсим пәти, %* | *Улыўма көлемдеги үлеси, %* |
|---|---|---|---|
| **Барлық каржландырыў дереклери есабынан** | **6940,1** | **86,2** | **100,0** |
| Республика бюджети | 596,5 | 94,0 | 39,3 |
| Суў тәмийнаты системаларын раўажландирыў қоры | 71,1 | 105,5 | 1,0 |
| Тиклениў хәм раўажланыў қоры | 73,6 | 22,5 | 1,1 |
| Өзбекстан Республикасы тәрепинен кепилленген сырт ел кредитлери | 1988,7 | 146,9 | 28,6 |
| Кәрханалар қәрежетлери | 1985,7 | 95,4 | 28,6 |
| Комерциялық банклер кредитлери | 726,9 | 115,4 | 10,5 |
| Туўрыдан-туўры сырт ел инвестициялар хәм кредитлер | 936,1 | 56,4 | 13,5 |
| Халық қәрежетлери | 546,0 | 70,6 | 7,9 |
| Басқа қарз қәрежетлери | 15,5 | 23,6 е. | 0,2 |

Қәрежетлестириў дереклери бойынша тийкарғы капиталга киритилган инвестициялардың ең жоқары өсим пәтлери комерциялық банк кредитлери 1988,7 млрд. сўм болып, өткен жылға салыстырғанда өсим пәти 146,9 % ти хәм кәрханалардың өз қәрежетлери есабынан туўра келген, 726,9 млрд.сўм хәм өткен жылга салыстырғанда өсим пәти 115,4 % ти қурады.

**Январь-сентябрь айларында тийкарғы капиталга киритилген инвестициялар,** *млрд. сўм*

| | *2019 ж.* | *2020 ж.* | *өткен жылға салыстырғанда % есабында* | *жәми инвестициялардан туўрыдан-туўры шет ел инвестициялары көлеми, мың АҚШ долл.* |
|---|---|---|---|---|
| **Қарақалпакстан Республикасы** | **6838,6** | **6940,1** | **86,2** | **157103,3** |
| Нөкис қ. | 1231,9 | 972,6 | 68,1 | 32764,6 |
| *районлар:* | | | | |
| Әмиўдәрья | 170,6 | 200,2 | 100,3 | 3978,0 |
| Беруний | 172,5 | 252,4 | 126,0 | - |
| Бозатаў | 7,0 | 80,0 | 9,6 е. | - |
| Қанлыкөл | 93,5 | 192,5 | 175,4 | 2157,4 |
| Қараөзек | 270,7 | 170,3 | 53,3 | 2460,1 |
| Кегейли | 88,4 | 84,5 | 81,0 | 6948,3 |
| Қоңырат | 984,1 | 888,3 | 76,6 | 72144,5 |
| Мойнақ | 989,4 | 2062,1 | 176,6 | 7012,1 |
| Нөкис | 163,5 | 148,2 | 77,8 | 6514,7 |
| Тақыятас | 1383,7 | 538,1 | 33,0 | 822,4 |
| Тахтакөпир | 49,6 | 83,8 | 142,8 | - |
| Төрткүл | 478,1 | 420,0 | 75,1 | 2681,0 |
| Хожели | 215,9 | 141,3 | 55,7 | - |
| Шымбай | 133,6 | 153,0 | 97,0 | 16830,0 |
| Шоманай | 60,5 | 140,6 | 196,9 | 2790,2 |
| Элликқалъа | 345,6 | 412,2 | 101,2 | - |

## Халықтың жан басына киритилген инвестициялар
*(2020 жыл январь-сентябрь айларында)*

| | *Халықтың жан басына инвестициялар көлеми,мың сўмда* | *Өсим пәти, % те* |
|---|---|---|
| **Қарақалпақстан Республикасы** | **3638,9** | **84,9** |
| Нөкис қ. | 3028,1 | 67,1 |
| *районлар:* | | |
| Әмиўдәрья | 1001,4 | 98,7 |
| Беруний | 1311,3 | 123,6 |
| Бозатаў | 3700,6 | 9,5 м. |
| Қанлыкөл | 3759,3 | 172,9 |
| Қараөзек | 3219,1 | 52,9 |
| Кегейли | 1161,5 | 80,4 |
| Қоңырат | 6806,9 | 75,6 |
| Мойнақ | 64439,9 | 173,9 |
| Нөкис | 2935,5 | 76,4 |
| Тақыятас | 7261,5 | 32,6 |
| Тахтакөпир | 2070,2 | 141,1 |
| Төрткүл | 1950,9 | 73,8 |
| Хожели | 1146,9 | 55,0 |
| Шымбай | 1359,0 | 96,1 |
| Шоманай | 2489,2 | 194,5 |
| Елликқала | 2576,0 | 99,4 |

2020 жылдың январь-сентябрь айларында халықтың жан басына есапланған тийкарғы капиталға инвестициялар көлеми бойынша жоқары көрсеткишлер Мойнақ районы (64 439,9 мың сўм яки өткен жылдың сол дәўирине салыстырғанда өсим пәти 173,9 %), Тақыятас районы (7 261,5 мың сўм, 32,6 %), Қоңырат районы (6 806,9 мың сўм, 75,6 %) ҳәмде Қанлыкөл районы (3 759,3 мың сўм 172,9 %) болды.

## 2020 жыл январь-сентябрь айларында қарыжландырыў дереклери бойынша тийкарғы капиталга киритилген инвестициялар, *млрд. сўм*

| | Тийкарғы капиталга киритилген инвестициялар жәми, млрд. сўм | соннан қаржыландырыў дереклери бойынша: | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | республика бюджети | кәрханалар қаржылары | халықтың қаржылары | шет ел инвестициялар ҳәм кредитлер | Ҳүкимет гереуи астындағы сырт-ел кредитлери |
| **Қарақалпақстан Республикасы** | **6940,1** | **596,5** | **1985,7** | **546,0** | **936,1** | **1988,7** |
| Нөкис қ. | 972,6 | 204,5 | 389,9 | 41,4 | 85,6 | 13,2 |
| *районлар:* | | | | | | |
| Әмиўдәрья | 200,2 | 13,1 | 34,1 | 47,8 | 39,5 | 41,5 |
| Беруний | 252,4 | 19,8 | 36,8 | 85,1 | 30,0 | 44,3 |
| Бозатаў | 80,0 | 11,8 | 35,1 | 8,4 | 19,8 | - |
| Қанлыкөл | 192,5 | 14,0 | 69,5 | 32,3 | 8,8 | 0,3 |
| Қараөзек | 170,3 | 8,8 | 64,0 | 13,4 | 39,2 | 0,4 |
| Кегейли | 84,5 | 16,8 | 21,1 | 16,8 | 10,0 | - |
| Қоңырат | 888,3 | 21,3 | 377,3 | 28,4 | 370,9 | 0,9 |
| Мойнақ | 2062,1 | 143,3 | 596,0 | 25,8 | 45,7 | 1211,2 |
| Нөкис | 148,2 | 18,4 | 25,8 | 44,5 | 36,4 | 0,5 |
| Тақыятас | 538,1 | 16,3 | 68,9 | 24,8 | 58,0 | 274,0 |
| Тахтакөпир | 83,8 | 17,7 | 36,9 | 8,4 | 16,0 | - |
| Төрткүл | 420,0 | 20,2 | 66,8 | 82,0 | 27,8 | 172,0 |
| Хожели | 141,3 | 5,6 | 49,2 | 24,8 | 23,4 | - |
| Шымбай | 153,0 | 26,4 | 35,7 | 15,9 | 55,1 | 0,1 |
| Шоманай | 140,6 | 8,9 | 55,1 | 14,8 | 13,5 | 0,2 |
| Елликқала | 412,2 | 29,6 | 23,5 | 31,4 | 56,4 | 230,1 |

*давоми*

| | Тийкарғы капиталға киритилген инвестициялар жәми, млрд. сўм | соннан қаржыландырыў дереклери бойынша: | | |
|---|---|---|---|---|
| | | Суў тәмийнаты системаларын раўажландырыў фонды | Тиклениў ҳәм раўажландырыў фонды | коммерциялық банклери кредитлери ҳәм басқа қарыз қаржылары |
| **Қарақалпақстан Республикасы** | **6940,1** | **71,1** | **73,6** | **742,4** |
| Нөкис қ. | 972,6 | 15,1 | - | 222,9 |
| *районлар:* | | | | |
| Әмиўдәрья | 200,2 | 1,6 | - | 22,6 |
| Беруний | 252,4 | 4,0 | - | 32,4 |
| Бозатаў | 80,0 | 3,0 | - | 1,9 |
| Қанлыкөл | 192,5 | 3,7 | - | 63,9 |
| Қараөзек | 170,3 | 1,3 | - | 43,2 |
| Кегейли | 84,5 | 5,0 | - | 14,8 |
| Қоңырат | 888,3 | 0,7 | - | 88,8 |
| Мойнақ | 2062,1 | 5,7 | - | 34,4 |
| Нөкис | 148,2 | 0,6 | - | 22,0 |
| Тақыятас | 538,1 | 1,4 | 73,6 | 21,1 |
| Тахтакөпир | 83,8 | 1,6 | - | 3,2 |
| Төрткүл | 420,0 | 3,4 | - | 47,8 |
| Хожели | 141,3 | 3,6 | - | 34,7 |
| Шымбай | 153,0 | 7,1 | - | 12,7 |
| Шоманай | 140,6 | 2,9 | - | 45,2 |
| Елликқала | 412,2 | 10,4 | - | 30,8 |

**Январь-сентябрь айларында муликшилик түрлери бойынша тийкарғы капиталға киритилген инвестициялар,**
*(жәмине салыстырғанда % есабында)*




Мәмлекетлик емес мүликшилик формасындағы кәрханалар тәрепинен 5680,1 млрд. сўмлық тийкарғы капиталга инвестициялар киритилген болып, жәми инвестициялардың 81,8 % ти (2019 жыл январь-сентябрине салыстырғанда 2,2 % пунктке кемейиўин) қурады.

## Социаллық тараў объектлерин қурыў

2020 жылдың январь-сентябрь айларында  улыўма майданы 482,1 мың кв.м. болған 2819 үй жай салынған (2019 жылдың  январь-сентябрине салыстырғанда 57,9 %), соннан аўыллық жерлерде 318,4 мың кв.м., 1788 турақ-жай пайдаланыўға тапсырылды. Ислеп шығарыў болмаған тараўына киритилген инвестициялар көлеминен 536,5 млрд. сўмы ямаса 29,2 % ти турақ-жай қурылысында өзлестирилди.

Улыўма билим бериў мектеплери ҳәм мектепке шекемги билимлендириў мекемелери қурылысында 138,5 млрд. сўм әтирапында инвестициялар өзлестирилди, бул ислеп шығарыў болмаған тараўына жөнелтирилген инвестициялардың 7,5 % қурады.

**Қурылыс жумыслары.** 2020 жыл январь-сентябрде 2912,9 млрд. сўм муғдарында қурылыс жумыслары орынланып, өткен жылдың усы дәўирине салыстырғанда өсим пәти 101,2 % қурады.






Қурылыс жумыслары улыўма көлеминиң 67,9 % имаратларды қурыў бойынша қурылыс жумыслары, 15,4 % пуқаралық қурылысы объектлерин қурыў бойынша қурылыс жумыслары ҳәм 16,7 % қәнийгелестирилген қурылыс жумысларына туўры келди. Соннан улыўма көлемнен 60,4 % жаңа қурылыс, реконструкция ҳәм кеңейтириў ҳәмде техникалық тәрептен қайта инвентарлаўға туўры келеди.

**Мүлкшилик түрлери бойынша қурылыс кәрханаларының өз күшлери менен әмелге асырылған қурылыс жумысларының бөлистирилиўи**
*(жәмине салыстырғанда % те)*






**Кәрханалар түрлери бойынша қурылыс жумыслары көлеми,** *млрд.сўм*



Жәми қурылыс-пудрат жумыслары қурамындағы “Имаратлар қурылысы” хызмет түри бойынша 1978,8 млрд. сўмлық жумыслар орынланды ҳәм өткен жылдың усы дәўирине салыстырғанда 2,3 процентли пунктке көбейген. Сондай-ақ, “Пуқаралық объектлери қурылысы” хызмет түри бойынша 448,6 млрд. сўмлық қурылыс ислери орынланып, өткен жылдың усы дәўирине салыстырғанда 0,7 процентли пунктке кемейген. “Қәнийгелестирилген қурылыс ислери” хызмет түри бойынша 485,5 млрд. сўмлық қурылыс жумыслары орынланып, өткен жылға салыстырылған 0,8 процентли пунктке асты.

**Эканомикалық хызмет турлери бойынша қурылыс жумыслары көлеми,**
*(улыўма көлемге салыстырғанда % да)*




Жәми қурылыс жумыслары көлеминде жаңа қурылыс, реконструкция қылыў, кеңейттириў ҳәм техник тәрептен қайта қуралландырыў жумыслары көлеми 1759,7 млрд. сўмды қурады. Капитал, қайта оңлаў ҳәм басқа пудрат жумыслары көлеми 1153,2 млрд. сўмды қурады.

Өткен жылдың усы дәўрине салыстырғанда жаңа қурылыс, реконструкция, кеңейттириў ҳәм техник қайта қуралландырыў жумыслары 2,5 процентли пунктке кемейди. Капитал, ағымдағы ҳәм басқа қурылыс жумыслары көлеми болса 7,7 процентли пунктке өсти.

**Қурылыс жумыслары түрлери бойынша**
*(жәмине салыстырғанда % есабында )*



## 2020 жылдың январь-сентябрь айларында қала ҳәм районлар бойынша қурылыс жумыслары көлеми, *млрд. сўм*

| | *2019 жыл* | *2020 жыл* | *Өткен жылдың сол дәўиринеөсип пәти, % те* | *Жәмине салыстырғанда үлеси % те* |
|---|---|---|---|---|
| **Қарақалпақстан Республикасы** | **2533,8** | **2912,9** | **101,2** | **100,0** |
| Нөкис қ. | 896,6 | 994,0 | 97,4 | 34,1 |
| *районлар:* | | | | |
| Әмиўдәрья | 87,6 | 117,3 | 118,6 | 4,0 |
| Беруний | 154,3 | 178,6 | 102,7 | 6,1 |
| Бозатаў | 7,7 | 20,5 | 235,0 | 0,7 |
| Қанлыкөл | 56,0 | 67,8 | 107,1 | 2,3 |
| Қараөзек | 34,0 | 38,8 | 100,6 | 1,3 |
| Кегейли | 50,7 | 60,3 | 104,8 | 2,1 |
| Қоңырат | 238,0 | 275,0 | 101,6 | 9,5 |
| Мойнақ | 114,0 | 130,5 | 100,7 | 4,5 |
| Нөкис | 135,0 | 153,8 | 100,5 | 5,3 |
| Тақыятас | 112,7 | 128,4 | 100,4 | 4,4 |
| Тахтакөпир | 55,1 | 76,4 | 121,9 | 2,6 |
| Төрткүл | 225,2 | 272,8 | 107,0 | 9,4 |
| Хожели | 180,7 | 185,8 | 90,5 | 6,4 |
| Шымбай | 37,9 | 43,6 | 101,2 | 1,5 |
| Шоманай | 32,5 | 37,0 | 100,4 | 1,3 |
| Елликқала | 115,8 | 132,3 | 100,6 | 4,5 |

2020 жылдың январь-сентябрь айларында Республика бойынша қурылыс жумыслары көлеминде Нөкис қаласы (республика бойынша жәми қурылыс жумыслары көлеминдеги үлеси 34,1 %), Қоңырат (9,5 %) ҳәм Төрткүл (9,4 %) районлары жоқары үлеслерге ийе.

Сондай-ақ, республика көлеминде қурылыс жумыслары көлеминде ең пәс үлеслери Бозатаў (республика бойынша жәми қурылыс жумыслары көлеминдеги үлеси 0,7 %), Шоманай (1,3 %), Қараөзек (1,3 %) районларына туўры келеди.

## 2020 жылдың январь-сентябрь айларында қурылыс жумыслары көлеми ҳәм өсим пәтлери

| | *Халықтың жан басына қурылыс жумыслары көлеми, мың сўмда* | *Ўсиш суръати, % да* |
|---|---|---|
| **Қарақалпақстан Республикасы** | **1527,3** | **99,8** |
| Нөкис қ. | 3094,4 | 96,0 |
| *районлар:* | | |
| Әмиўдәрья | 586,8 | 116,6 |
| Беруний | 927,9 | 100,7 |
| Бозатаў | 950,6 | 233,9 |
| Қанлыкөл | 1324,2 | 105,7 |
| Қараөзек | 733,6 | 99,9 |
| Кегейли | 829,7 | 103,9 |
| Қоңырат | 2107,1 | 100,4 |
| Мойнақ | 4078,9 | 99,2 |
| Нөкис | 3045,0 | 98,7 |
| Тақыятас | 1733,2 | 99,1 |
| Тахтакөпир | 1886,9 | 120,5 |
| Төрткүл | 1267,2 | 105,2 |
| Хожели | 1507,8 | 89,4 |
| Шымбай | 387,0 | 100,3 |
| Шоманай | 654,4 | 98,8 |
| Елликқала | 826,8 | 96,0 |




Есабат дәўиринде орынланған қурылыс жумысларының жоқары өсим пәти Бозатаў (өткен жылға салыстырғанда өсим пәти 235,0 %), Тахтакөпир (121,9 %), Әмиўдәрья (118,6 %) хәм Төрткул (107,1 %) районларында гүзетилди.



## Халықтың жан басына қурылыс жумыслары
*(2020 жыл январь-сентябрь айларында)*

2020 жылдың январь-сентябрь айларында халықтың жан басына есапланған қурылыс жумыслары көлеми бойынша жоқары көрсеткишлер Мойнақ районы (4 078,9 мың сўм яки өткен жылдың сол дәўирине салыстырғанда өсим пәти 99,2 %), Нөкис қаласы (3 094,4 мың сўм, 96,0 %), Нөкис районы (3 045,0 мың сўм, 98,7 %) хәмде Тахтакөпир районы (1 886,9 мың сўм 120,5 %) болды.

**2020 жылдың январь-сентябрь айларында кәрханалар түрлери бойынша қурылыс жумыслары көлеми,**
*жәмине салыстырғанда % есабында*




Ири кәрханалар тәрепинен орынланған қурылыс жумысларының жоқары көрсеткишлери Қоңырат (жәми қурылыс жумыслары көлеминдеги үлеси 33,3 %), Тақыятас (29,7 %) районларына туўры келеди.

Есабат дәўиринде Қараөзек, Нөкис, Бозатаў, Шымбай, Шоманай, Қанлыкөл, Беруний ҳәм Төрткүл районларында қурылыс хызмети менен шуғылланыўшы ири кәрхана ҳәм шөлкемлердиң жоқ екенлиги гүзетилди.

**Қала ҳәм районлар кесиминде қурылыс жумыслары үлеси,**
*жәмине салыстырғанда % есабында*




2020 жылдың январь-сентябрь айларында Республика бойынша қурылыс жумыслары көлемида Нөкис қаласы (Республика бойынша жәми қурылыс жумыслары көлеминдеги үлеси 34,1 %), Қоңырат (9,5 %) ҳәм Төрткүл (9,4 %) районлары жоқары үлеслерге ийе.

Сондай-ақ, Республика бойынша қурылыс жумыслары көлеминде ең пәс үлеслери Бозатаў (Республика бойынша жами қурылыс жумыслары көлеминдеги үлеси (0,7 %), Шоманай (1,3 %), Қараөзек (1,3 %) районлары есабына туўры келеди.